

THE ONLY WAY TO LIVE : Life of Joshua – Part II

Lesson 146

Joshua 1:7-9

Memory verse : "*In the fear of Lord is the beginning of wisdom,... his praise endures forever*"

Psalm 111:10

INZIRA IMWE GUSA YO KUBAHO : Ubuzima bwa Yosua igice ca II

Lesson 146

Joshua 1:7-9

Ijambo ngenderwako : « *Kwubaha Uhoraho ni itanguriro ry'ubwenge... ishimwe ryiwe ryamaho ibihe bidashira* » Zaburi 111:10

I. Intangamarara

Icirwa gihuruka caratwereze ingene Yosua yari umugabo w'inzirabwoba. Yarashobora guterwa ubwoba n'igikorwa ahawe na riryari ayo uwo asubiriye yabonye. Imana mu kumukomeza yari yamucishije mu bihe bitandukanye kugira amwigishe kandi amukuremwo ubwoba. Yoshoboye kwibwira ati : Mose yapfuye, ariko jewe ndacariho. Nije wokubikora kandi neza naho bitoroshe ; Imana izonshoboza. »

II. Ibice 2 bigize iki cirwa :

1. Umugambi w'Imana

Soma imirongoya 2 na 10-11. Igikorwa Yosua ahamagariwe ni ugufata kunguvu igihugu c'i Kanani gisanzwe kibamwo abandi bantu kandi bazi kurwana. Uhoraho ati « Ndakibahaye »

Uyu mugambi w'Imana yari yawuvuganye na Aburahamu, Isaka na Yakobo. Bitegerezwa gushika kuko ata jambo rivuye ku Mana ribura ububasha.

Mu gihe abantu bitegereje ivyabaye kubw'uyu mugambi w'Imana ku b'Isirayeli, baragereranya Yorodani nk'urupfu ku bantu, Kanani nayo nk'Ijuru. Raba **indirimo 789** « *Ndabira kure Yorodani* » ni kuki ?

Kanani yasezeranywe kera, igihe kigeze, barahaguruka, baca mu bugararwa (Amageragezwa), bamwe babuhezemwo kubera ivyaha ; ubu nahobageze ku rubibe rw'ico gihugu casezeranwe, hari uruzi umwe wese ategerezwa kujabuka (urupfu), gufata ico gihugu ni intambara ikomeye (Ukwihanganira ibigeragezo). Uku niko urugendo ruja mw'ijuru rumeze.

Umugambi w'Imana ku bantu wari uko bose bohinduka abigishwa ba Kristo, bakazotaha igihugu co mw'ijuru ariko abenshi bariko bata ukwizera, baheze mu bugararwa. Soma **Abaheburayo 3:15**. Iri jambo risa n'iri Yosua yababwiye ku murongo wa **11**. Uku gukomantaza imitima kwa bamwe, niko kuzobatera kutazobona Ubwami bw'ijuru. Intsinzi izova ku ntumbero ufise yatumye winjira mw'ishengero rya Yesu Kristo Umwami n'Umucunguzi wawe.

2. Kumenyekanisha icubahiro c'Imana.

Aba banya Kanani bamutse kuri Hamu, umuhungu yavumwe wa Nowa, ntibategerezwa kumanika amaboko ngo barabonye ubwoko bw'Imana baraje. Biteguriye intambara. Aha niho kandi Uhoraho agomba yerekanire inkomezi ziwe kandi. Ibi nivyoyatumye Imana ibanza kubwira Yosua ayo majambo yo kumirongo ya 7 na 8. Asigurwa muri make ngo : « Yosua genda urwane, uzonesha. Nije ndabikubwiye ».

III. Ni ibiki bizotuma Yosua aroranirwa, akabaho ?

1.« **Shikama ushire amanga.** » Umur wa 7. Imana imusaba kutazokwigera ahengamira iburyo canke ibumoso, igihe cose ashire ukuri imbere, ntagakorere Imana ngo akore ngo aheze abikorane n'ivyaha. Abantu bahenganye ni abo badatinye gukorera Imana ariko ntibibabuze gukora ivyaha. Baragowe nka Yuda (Intumwa akaba n'umusuma)

Imana inezererwa umwizera ahagaze neza mu kuri, adatinye ibizomugora mu gukizwa kwiwe, agashingira intahe Yesu ata bwoba.

2.Kwiyumvira kw'ijambo ry'Imana ku murango no mw'ijoro : Umur 8 Ubonye ikintu umugabo yiyumvira ku murango no mw'ijoro, aba ari igikomere ku buzima bwiwe. Ibi ntibishikira abana. Imana yipfuzako abantu bagira ubuzima bwo mw'ijambo ryayo (Kwiga ijambo ni nko kurya). Ibi nivyobituma bagira amahirwe. Iyo wama wiyumvira ibintu bibi, uzosanga wahengamiye muri vyo.

3.Kwigisha ivyanditswe :

Ibitabo Mose yapfuye yanditse vyari bitanu : Itanguriro, Kuvayo, Abalewi, Guharura no Gusubira mu vyagezwe. Imana yasavye Yosua ko azoguma avyiyibutsa, akavyigisha n'abantu biwe ijoro ryose. Nawe usabwa kubwira abantu bose ubutumwa bw'inkuru nziza y'agakiza.

IV. Gushira mu ngiro.

Kuki benshi bananiwe gushika i Kanani yo mw'ijuru bakaba babuze ubuzima ? Ikibazo si uko badafise ibikwiye. Bibiliya ni nini. Canke ngo Imana ibe itabakunda. Oya. Ikibazo ni uko banse gucika kuri kameremere ngo bahitemwo ubugingo. Bagifise umutima wo gukunda isi n'ibiri muri yo.

Indirimbo ya **328** ivuga ngo : « Yesu ndahevyevyose, nguhaye umutima wanje. » mu gice ca 24 :14 harekana ingene Yosua yaragiye gupfa, ariko anshinga intahe ko vyose yabikoze neza.

Burya **Kwubaha Uhoraho ni itanguriro ry'ubwenge.** Urakwiye kurondera ubwo bwenge kuko niyo nzira imwe y'ukubaho. Nk'uko yavuze ng : *Ishimwe ryiwe ryamaho ibihe bidashira* , uzobona ivyawe bigenda neza kuko birimwo Imana.

Urashobora kuba uriko urananirwa canke ivyawe birikigenda nabi, haguruka usenge, Umwami Yesu aracatabara.